

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE ENFÒMASYON AJOU SOU TANPÈT NÈJ  
KONSIDERAB*****Majorite New York pral resevwa 12 a 24 pous nèj pandan wikenn lan******Yo te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a nan Nivo Siveyans Ranfòse a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te bay Nouyòkè yon mizajou sou sitèm meteyolojik k ap vini epi yo atann yo pral pote gwo nèj pou majorite eta a, menm jan ak preparasyon onivo eta a. Premye nan de sistèm tanpèt ki pral pwopaje atravè Eta a nan Jedi swa, epi yo atann de jiska senk pous nèj atravè Rejyon Nò a. Pandan wikenn lan, Nouyòkè ka atann pou resevwa 12 a 24 pous nèj pandan yon dezyèm sistèm tanpèt. Gouvènè a yè te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a (State Emergency Operations Center) pou vini nan mòd siveyans ranfòse, ak resous ki prepare pou deplwaye pou kenbe wout ak kominote ansekirite.

“Previzyon yo kontinye montre New York sou wout pou li resevwa yon nèj konsiderab pandan plizyè jou k ap vini yo epi li nesese pou Nouyòkè rete enfòme epi pran tout prekosyon anvan tanpèt sa yo frape”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “N ap kontwole tanpèt sa yo depre epi nou prè pou deplwaye resous a ak pèsònèl konsiderab onivo eta a pou nou ka rapidman reponn a nenpòt kominote ki bezwen èd.”

Nan kòmansman Jedi aprèmidi, premye nan de sistèm tanpèt pral deplase nan Rejyon Lwès New York ak Finger Lakes avan li gaye atravè tout Eta a pandan lè nan nwit yo. Yon ka atann yon de ak senk pye nèj anjeneral atravè pifò Rejyon Nò a, tandiske rejyon Mid-Hudson Valley, Vil New York ak Long Island ta dwe atann yo ak yon melanj ivènal k ap gen yon tranzisyon pou lapli pandan tan an ap avanse. Rive Vandredi maten, presipitasyon an pral kòmans diminye soti nan lwès al nan lès.

Alaswit yon ti poz brèf nan meteyo nan Vandredi, Nouyòkè ta dwe atann yon 12 a 24 pous nèj anjeneral atravè Rejyon Nò New York pandan pwochen 36 èdtan yo. Sistèm lan pral devlope epi deplase nan lwès al nan lès nan Samdi atravè Rejyon Nò, espesyalman pandan lè apremidi ak swa. Y ap prevwa peryòd tan an Samdi swa ak Dimanch maten ap aktyèlman kòm tan ki genyen pi gwo potansyèl pou pi gwo nèj tonbe, epi yo atann pou to a rive a youn jiska de pous pa èdtan. Kèk nèj ki fonn ak lapli ki fè glas te ka melanje nan fen Samdi swa pou kòmansman Dimanch pou pòsyon nan Rejyon Mid-Hudson. Van nan sans nodwès pral ogmante nan Dimanch pandan lè ki frèt, Atik ap anvayi zòn lan. Anplis de lakoz zòn kote nèj ap vante ak akimilasyon nèj, refwadisman ewolyen ki danjrezman frèt nan 10 a 20 anba zewo rete posib atravè Lendi.

Nan zòn rejyon ba Mid-Hudson Valley, Vil New York ak Long Island, tanpèt la ap antre nan Samdi swa rive Dimanch epi yo atann pou sa pote de a twa pous nèj. Yo atann nèj lejè ozanviron 5 p.m. Samdi aprèmidi. Gen tou yon chans pou lapli glase nan Dimanch maten ant 4 a.m ak 7 a.m. Yon chanjman pou vire nan lapli sèlman pral fèt nan zòn 8 a.m. Lapli pral kontinye atravè Dimanch apremidi anvan yon chanjman pou antre nan nèj, ki pral diminye nan zòn 8 p.m. Gen yon chans pou jele rapid nan Dimanch swa pandan tanperati yo ap plonje. Chif refwadisman ewolyen ant zewo ak mwens senk ak tanperati nan zòn 10 yo Dimanch pou Lendi.

Moun New York ta dwe prete yon atansyon espesyal ak rapò tan yo pou rete ajou ak dènye enfòmasyon yo. Anplis, Sèvis Metewo Nasyonal (National Weather Service) te deja pibliye, oubyen pre-pwogramme, siveyans, avètisman ak avi meteyo pou majorite eta a. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la.

### **Preparasyon Ajans:**

*Depatman Transpò (Department of Transportation)*

Depatman Transpò Eta a pare pou entèvni ak 1,595 gwo kamyon chari, 50 kamyon remòk, 323 gwo chajè, 40 kamyon pou soufle nèf yo, 20 kamyon pou bay nivo yo, 197 makyon lou ak kamyon baskil mwayen ki gen chari yo, ak 34 trelè traktè, ak prèske 430,000 tòn sèl ki disponib. Ekipman sa a, ansanm avèk prèske 3,900 operatè ak sipèvizè, deplwaye toupatou nan eta a lè sa nesèsè anvan tanpèt ivènal yo pou ede kenbe wout yo sekirize.

Yo ap raple otomobilis yo pou yo verifye [511NY](#) anvan yo vwayaje oswa pou yo telechaje [aplikasyon mobil la](#). Sèvis gratis la pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo epi li gen yon sistèm alèt pou depasman pandan ivè a ki gen rapò an tan reyèl pou vwayajè ak yon kat avèk kòd koulè ki endike ki wout nan eta a ki lib, mouye oswa kouvri avèk lanèj. Sistèm nan ofri otomobilis yo yon resous itil pou detèmine si se yon bon lide pou deplase.

*Otorite Thruway (Thruway Authority)*

Otorite Thruway a gen plis pase 663 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 248 gwo chas nèj, 128 chas nèj mwayen ak 9 charyo remòkè ak 58 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 122,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou nan imèl TRANSalert, sa ki bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou otowout Thruway lan, gras a lyen sa a: [www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml](http://www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml). Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan [@ThruwayTraffic](#) oswa lè yo vizite [www.thruway.ny.gov](http://www.thruway.ny.gov) pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

### *Lapolis Eta (State Police)*

Polis Eta New York ap amelyore kouvèti patwouy atrave eta a lè li deplwaye Manm Patwouy adisyonèl, ak yon konsantrasyon sou wout ki gen abitud afekte nan move tan. Tout veyikil Polis Eta ki espesyalize sa enkli veyikil kat-pa-kat, motonèj, ak UTV, yo ap deplwaye yo estratejikman pou repons imedyata. N ap kowòdone aktivite nou yo ak Depatman Transpò nan Eta New York, Otorite Thruway ak patnè lokal nou yo atravè eta a.

### **Vwayaje ansekirite**

Pandan tanpèt sa yo, moun New York ta dwe atann yo tou ak kondisyon wout glise, ansanm ak nèj k ap vante ak akimile pandan Jedi swa ak Vandredi maten pandan y ap kondui ak pandan dire wikenn nan. Yo ankouraje chofè yo pou yo vwayaje sèlman nan moman ke sa nesèsè epi pou yo fè sa ak ekstrèm pridans.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo poutèt glas kapab fòme la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye yo sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Pa eseye kondi sou wout ki inonde – vire tounen epi ale nan yon lòt direksyon. Dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou pon.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi kreye inondasyon, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Anplis de sa, prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye pou w kanpe epi kite plis distans ant machin yo, rete plis an eta dalèt epi sonje konjè yo ka rann li difisil pou wè timoun piti yo. Anplis, toujou akòde vitès ou ak kondisyon wout la epi tan.

Li enpòtan pou chofè machin yo sou tout wout konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen

plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

## **Sekirite nan Tan Frèt Ekstrèm yo**

*Abiye pou Sezon an*

- Me plizyè rad ki lach, lejè, epi cho ki gen plizyè kouch. Lè ki bloke nan mitan kouch yo aji kòm yon izolan. Ou kapab retire nan kouch yo pou evite transpirasyon ak refwadisman annapre. Rad deyò yo ta dwe gen may se, yo ta dwe enpèmeyab epi yo ta dwe gen kapichon.
- Toujou mete yon chapo oswa kaskèt nan tèt ou pliske ou kapab pèdi mwaye chalè kò ou si ou pa kouvri tèt ou.
- Kouvri bouch ou avèk yon foula pou pwoteje poumon ou kont gwo fredri a.
- Mitèn, ki byen kouvri ponyèt pi bon pase gan paske dwèt yo kenbe plis chalè lè yo kole youn ak lòt.

### *Jefò Fizik*

Kondisyon tanpèt ivènal yo ak vag van frèt yo se modèl metewo ki pi mòtèl yo pliske tanperati frèt yo mete yon presyon an plis sou kè ou. Gwo efò fizik, tankou pèlte nèj, netwayaj debri oswa pouse yon vwati kapab ogmante risk pou yon atak kadyak.

Pou kapab evite pwoblèm, sonje konsèy sa yo:

- Rete nan chalè, abiye avèk rad ki cho epi **RALANTI** lè w ap travay deyò.
- Repoze souvan pou evite twòp efò fizik.
- Si w santi doule pwatrin -- **SISPANN** epi chèche èd imedyatman.

### *Ipotèmi*

Ekspozisyon pwolonje a tanperati ki frèt yo ka lakòz ipotèmi, espesyalman lakay timoun ak granmoun aje yo.

Siveye sentom sa yo:

- Enkapasite pou moun nan konsantre
- Move kowòdinasyon
- Movèz Atikilasyon
- Somnolans
- Fatig
- Frisònman enkontwolab, ak yon mank frisònman soudan ki vini apre

Si tanperati kò yon moun desann anba 95 degre Fahrenheit, chèche swen ijans medikal touswit. Retire rad mouye, vlope viktim lan nan yon kouvrelè ki cho, epi bay likid ki pa gen alkòl, kafeyin jiskaske li jwenn èd.

### *Jeli (Frostbite)*

Moun ki ap travay oswa jwe deyò yo pandan sezon ivè a ka devlope blesi jèli epi pa menm konnen sa. Pa gen pèn ki asosye ak estaj prekòs blesi jèli yo, kidonk aprann siveye siy danje sa yo:

- Premyèman, ou ka santi po a ensansib epi vin irite. Apre sa li vin blan oswa yon koulè gri-jòn. Ou ka santi po ki gen blesi jèli yo frèt lè ou manyen li.
- Si ou sispèk yon blesi jèli, deplase viktim nan pou ale nan yon kote ki cho. Kouvri zòn ki afekte a ak yon bagay ki cho epi sèch. Pa janm fwote li!
- Apre sa ale kay doktè oswa lopital pi rapid posib.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)